



Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU LANMÓ MANM ASANBLE  
DAVID F. GANTT**

"Mwen atriste anpil pou lanmò Manm Asanble David Gantt - yon fonksyonè piblik de karyè ki pa te janm kite katye li a epi ki te toujou pran swen kominote li a.

Mwen te konnen David epi mwen te travay avèk li pandan plizyè deseni - soti sou administrasyon papa mwen pou rive nan tan pa mwen nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (Department of Housing and Urban Development, HUD) an jiska tan mwen kòm gouvènè. Tankou manman li Lena, David te pase karyè li nan konbat povrete ak defann sila yo ki defavorize. Nou te pataje yon respè mityèl youn pou lòt, an pati paske nou toude te soti nan manman ki solid ki te aprann nou valè fè byen pou lòt moun yo. Li te pale ak franchiz epi li te toujou fè ou konnen kote li te kanpe, epi mwen pral manke amitye ak prezans li nan Kapitòl la.

Nan non fanmi New York la, mwen voye pi pwofon kondoleyans mwen bay fanmi ak pwòch David yo pandan moman difisil sa a".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)